# JALPÍ AYMAQLÍQ ÓNIM

Dáslepki maǵlıwmatlar boyınsha 2019 jıl yanvar-dekabrde Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha jalpı aymaqlıq ónim (keyingi orınlarda JAÓ) kólemi hárekettegi bahalarda 18735,7 mlrd. swmdı quradı hám 2018 jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 6,8 % ke ósti.

2019 jıldıń yanvar-dekabr ayları juwmaqları boyınsha xalıqtıń jan basına JAÓ 9944,1 mıń swmdı quradı hám bul kórsetkish ótken jılǵa salıstırǵanda 5,2 % ke astı.

**Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha JAÓ di islep shıǵarıw**

| | *mlrd. sum* | | *2018 jıl yanvar-dekabr ǵe salıstırǵanda % te* |
|---|---|---|---|
| | ***2018 jıl yanvar-dekabr*** | ***2019 jıl yanvar-dekabr*** | |
| **I. JAÓ** | **15009,4** | **18735,7** | **106,8** |
| *sonnan:* | | | |
| Tarawlardıń jalpı qosılǵan qunı | 13775,6 | 17005,9 | 106,8 |
| Ónimlerge bolǵan salıqlar | 1233,7 | 1729,8 | 106,8 |
| **II. Tarawlardıń jalpı qosılǵan qunı** | **13775,6** | **17005,9** | **106,8** |
| Awıl, toǵay hám balıq xojalıǵı | 4005,9 | 4642,2 | 106,7 |
| Sanaat (qurılıstı qosqan halda) | 5295,2 | 6701,5 | 108,4 |
| sanaat | 4328,4 | 5277,9 | 105,0 |
| qurılıs | 966,8 | 1423,6 | 123,8 |
| Xızmetler | 4474,5 | 5662,2 | 104,9 |
| sawda, jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler | 755,7 | 876,7 | 102,8 |
| tasıw hám saqlaw, málimleme hám baylanıs | 929,4 | 1021,4 | 104,5 |
| basqa xızmet túrleri | 2789,5 | 3764,1 | 105,6 |

Qaraqalpaqstan Respublikası ekonomikanıń tiykarǵı tarawlarında gúzetilgen ósim pátleri JAÓ ósiwinde tiykarǵı faktor bolıp xızmet qıldı. Atap aytqanda awıl, toǵay hám balıq xojalıǵınıń ósim páti – 106,7 % (JAÓ quramındaǵı úlesi 27,3 %), sanaat (qurılıstı qosqan halda) – 108,4 % (39,4 %) hámde xızmetler tarawı – 104,9 % (33,3 %).

**2019 jıl yanvar- dekabrde JAÓ niń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha ósim pátleri**



Qaraqalpaqstan Respublikası ekonomikasınıń barlıq tarawlarında jaratılǵan jalpı qosılǵan qun (JQQ) kólemi jámi JAÓ niń 90,8 % in, ónimlerge bolǵan salıqlar bolsa 9,2 % in quradı.

Awıl, toǵay hám balıq xojalıǵı JAÓ niń tarawlar boyınsha quramındaǵı úlesi 1,8 % punktke (JAÓ quramındaǵı úlesi 27,3 %) kemeydi. Sanaat (qurılıstı qosqan halda) tarawınıń JAÓ quramındaǵı úlesi 2019 jıl yanvar-dekabrde 39,4 % ti quradı hám 2018 jıl tiyisli dáwiri (38,4 %) menen salıstırǵanda 1,0 % punktke hámde xızmetler tarawınıń JAÓ quramındaǵı úlesi 2019 jıl yanvar-dekabrde 33,3 % ti quradı hám 2018 jıl tiyisli dáwiri (32,5 %) menen salıstırǵanda 0,8 % punkitke astı.

### *Jalpı aymaqlıq ónimniń tarawlar boyınsha quramı (jámige salıstırǵanda %):*

**2018 jıl yanvar-dekabr**




**2019 jıl yanvar-dekabr**




Ónimlerge bolǵan salıqlar
Tarmaqlardıń jalpı qosılǵan qunı
Awıl, toǵay hám balıq xojalıǵı
Sanaat (qurılıstı qosqan halda)
Xızmetler

Sawda, jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetlerdiń JAÓ quramındaǵı úlesi 5,2 % ti (2018 j. yanvar-dekabrde - 5,5 %), tasıw hám saqlaw, málimleme hám baylanıs - 6,0 % ti (6,7 %), xızmet kórsetiwshi basqa tarawlar – 22,1 % ti (20,3 %) quradı.

**Xızmetler tarawınıń jalpı qosılǵan qun quramı (jámine salıstırǵanda payızda):**




*Statistika jumısların shólkemlestiriw hám ulıwmalastırılǵan málimleme-tallaw jumısları bólimi*

**Tel.: (0-361) 222-74-58;**

**(0-371) 230-82-03**